Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

# ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я органщ

№ 66 (2293) | Махуэку июным и 8-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

### Июным и 6-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 6-р екIуэкIыхункIэ город ЯССЫ районым и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи ищхъэраIуэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу бийм и танкхэмрэ пехотэмрэ я атакэхэм зызэпырырагъэгъэзахэщ. Июным и 5-м кIуэцIкIэ а районым деж немецкэ танк 49-рэ зэхакъутащ икIи самолет 42-рэ къыраудыхащ.

Фронтым и адрей участкэхэм—зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 5-м и кIуэцIкIэ фронтхэм деж хьэуэм щырагъэкIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 48 къыраудыхащ.

* * *

### Город Яссы и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ и военнэ объектхэмрэ ди авиацияр хуабжьу теуэныгъэмкIэ

Июным и 6-м жэщым ди кхъужьэ лъатэ авиацияр хуабжьу теуащ город Яссы (Румыния), и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ и военнэ объектхэмрэ. БомбэкIэ еуэныгъэм къыхэкIкIэ, нафIэс 90-м нэс къэхъуащ. ГъущIгъуэгу составхэр, станц унэхэр, бийм и военнэ складхэр сахэщ. НафIэсым къэуэжыныгъэшхуэ щIэтт. Пулемет-топ нафIэхэмкIэ город Яссы и гъунэгъу гъущIгъуэгу станцым тетахэм еуахэщ. Нафэ бзийхэр километри 100-кIэ къыIукIыжа нэужь ди летчикхэм ялъагъухэт.

Ди самолет псорикI я тысыпIэм къекIуэIэлжахэщ.

* * *

Город Яссы и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи ищхъэраIуэкIэ ди дзэхэр бийм езауэныгъэр ирагъэкIуэкIащ. Немецхэм икIэ махуэхэм хэкIуэдыкIыныгъэшхуэ ирахьэкIкIэрэ, нобэ адрейхэм ялъытауэ танкхэм, пехотэхэм я нэхъ къару мащIэщ зауэм къыхашар. Советскэ частхэм ехъулIэныгъэ хэлъу гитлеровцхэмя атакэ псоми зызэпырырагъэгъэзахэщ Ауэ зауэ гуащIэ щекIуэкIащ Н-скэ соединением зыздигъэбыдэ участкэм деж. А районым деж махуэм и кIуэцIкIэ немецхэр 2 атакэ къэкIуахэщ, ауэ ехъулIэныгъэ къалъэщыфакъым. Ди позициям ипэм деж немецкэ танк зэхэкъутахэр, бронетранспортерхэр икIи бийм и хьэдэ 300 м нэс къыIуанахэщ.

* * *

Город Тирасполь и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ Н-скэ частым и снайпер 37-м махуитхум и кIуэцIкIэ немеци 158-рэ яукаIахэщ. Снайпер т. Никулин немецкэ солдат 13 иукIащ, снайпер т. Лапин—8, снайпер т. Рябушенко—7, снайпер т. Климентьев немеци 5 иукIащ.

* * *

Город Витебск и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ капитан Герасименко и камандованиекIэ зыплъыхьакIуэ отрядыр пщэдджыжьым жьыуэ бийр здэщыIэм яфIихьаш. Советскэ боецхэм землянки 3 зэхакъутащ, гитлеровцхэу 20 яукIахэщ, икIи пленуэ солдатих къаштэкIэрэ, я частым къэкIуэжахэщ.

* * *

Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и авиациям июным и 5-м и жэщым Балтийскэ тенджызым деж немецкэ транспортищ щIырагъэлъэфащ и хьэлъагъыр тонн мин 11 хъууэ.

* * *

15-рей румынскэ пехотнэ дывизым и 12-рей полкым и 3-рей ротэм и командир плен къэхъуа капитан Николай Александреску къыжиIащ: „1941 гъэм и бжьыхьэм ди дывизыр Одесса деж щызэхаукIауэ щытащ. Абы къыщIэнахэр тылым щызэрагъэпэщыжыну яшауэ щытахэщ. Илъэс хуэдиз текIа нэужь а дывизыр Клетская районым яшауэ щытащ, икIи абы мазитIым и кIуэцIкIэ цIыху мин 12-м нэс фIэкIуэдащ. А дывизыр ещанэу зэрагъэпэщыжауэ щытащ икIи аргуэру фронтым ягъэкIуэжащ. Дывизым командэзыту щытар бригаднэ генерал Штефан Барданщ. Дывизым и штабым деж немецкэ майор Вендт, абы и помощник обер-лейтенант Грезей сымэ щIэсхэщ икIи немецкэ тхакIуэ зыкъомикI. Немец Вендт—фактическэкIэ щыхозяинщ. Абы дывизым и командирым и приказхэр зерехъуэкIри езыр зэрыхуейм хуэду ещIыр. Гитлер щхьэкIэ румынскэ солдатхэр зэуэну хуейхэкъым. Ар сэ си фIэщ хъуащ икIэ зауэм деж. Урыс солдат мы гупышхуэ гуэрхэр къэякъищкIэ псым псынщIу къызэпырыкIахэщ, псыIуфэм къэсри икIи „Ура“ жаIэхэу, ди позицэм къакIуэу хуежьахэщ. А позицэр зыгъэбыдэу щытар румынскэ ротэращ икIи абыхэм яIэт станковэ пулемет зыкъом. Ди солдатхэм „Ура“ кIииныгъэр щызэхахым щыгъуэ, ахэр зэбгырыжахэщ. Зыкъомрэ къакIуэкIэрэ, урысхэм ди команднэ пунктыр ящтащ. Зидгъэнэныгъэр зэрыпщIэншэр щысщIэм щыгъуэ, сэ сытэджри си Iэхэри сIэтащ. Сэ лейтенант Леху, старшэ лейтенант Рошка, лейтенант Рыжкану сымэ си гъусэхэу плен зыкъэсщIащ“.

# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

## Июным и 7-м и оперативнэ сводкэ

Июным и 7-р екIуэкIыхункIэ город ЯССЫ и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и ищхъраIуэкIэ ди дзэхэм бийм и танкрэ пехотэрэ зэщIэту къигъакIуэ къару мащIэхэм зызэпырагъэгъэзахэщ. Бжыгъэ тэрэзхэмкIэ, майм и 30-м къыщыщIэдзауэ июным и 6-м нэсыхункIэ ди дзэхэм ирагъэкIуэкIа зауэхэм деж бийм и цIыху къарумрэ техникэмрэ хэкIуэдыкIыгъэу мы къэкIуэну удынхэр ирахащ: немецкэ танкхэу икIи езыр-езыру зекIуэ топхэм хуэду 315-рэ зэхакъутащ, бронемашинэу икIи бронетранспортеруэ 29-рэ зэхакъутащ, калибрэ защымыщ э губгъуэ топхэу 62-рэ, пулеметуэ 240-рэ, автомашинэу 400-м нэс захакъутахэщ. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ бийм и самолетуэ 451-рэ къыраудыхащ. Бийм и солдат, офицерхэу укIыгъэ къудей хъуащ мини 10-м щIигъу.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Июным и 6 м и кIуэцIкIэ фронтхэм деж хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артеллериям и нафIэмрэ бийм и самолет 54-рэ къыраудыхащ.

* * *

## Город Яссы и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ и военнэ объектхэмрэ ди авиацияр теуащ

Июным и 7-м и жэщым ди жыжьэ лъатэ авиацияр иджырикI хуабжьу теуащ город Яссы и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэмрэ и военнэ объектхэмрэ (Румыния). Бомбэр занщIу теуэкIэрэ, бийм и гъущIгъуэгу эшелон зыкъом зэхакъутащ. БомбэкIэ еуэныгъэм къыхэкIкIэ, нафIэс куэдхэр къэхъуащ. Вагонхэр, платформхэр, цистернхэр, военнэ складхэр сахэщ. НафIэсым къэуэжыныгъэшхуэ щIэтт.

Ди самолетитI я аэродромхэм къекIуэлIэжахэкъым.

## Италиям зауэ зэрыщекIуэкIыр

ЛОНДОН, июным и 6-м. (ТАСС). Италиям щыIэ союзникхэм я нэхъыщхьэ штабым къырегъэхьыр, Италиям щыIэ бийр зэхэукIэныгъэм щхьэкIэ зимувыIэу зауэ ирагъэкIуэкIыр. 5-рей американскэ армиям и дзэхэр Тибр псым щIыпIэ куэдхэм зэпырыкIахэщ икIи псым адэкIэ кIуахащ километри 8-кIэ. А секторым деж бийм зигъэнэныгъэ къарууныщэу къэщIыр. Iуащхьэм деж гъуэгу №6-м и ищхъэраIуэкIэ (Виа Касселине) бийм зигъэнэныгъэ хуабжь къещIыр 8-рей английскэ армияр здэзаухэм деж икIи абыкIэрэ, игугъэщ адрей дзэхэр ирагъэкIуэтыжынуэ. А секторым деж бийм къигъэнащ станц Паленорэ (Рим и ищхьэрэ-къуэкIыпIаIуэщ) бгы позицэ зыкомымрэ.

## Союзникхэм я дзэхэр къыздырагъэтIысэха районым деж зэрыщытыр

ЛОНДОН, июным и 6-м. (ТАСС). Военнэ кореспондентхэм къырагъэхьыр Севернэ Франциям деж союзникхэм я дзэхэр къыздырагъэтIысэхам и щытыкIэр. Дзэхэр къырагъэтысэхыным сыхьэтыр 6—8-м и кIуэцIкIэ щIадзэщ. Япэрей сообщениIхэмкIэ хъарзынэ характерхэр хэлъу щытщ. Английскэ тральщикхэм французскэ псыIуфэхэм и екIуэлIапIэхэм деж хэлъа лагъымхэр ягъэкъэбзахэщ фронт убгъуа псом деж, икIи абыIкэрэ военнэ-морской корабльхэмкIэ псыIуфэм уеуэ хъуащ. Абы иужькIэ союзникхэм я авиациямкIэ, корабльхэмкIэ еуэу хуежьащ германскэ псыIуфэ гъэбыдапIэхэмрэ артиллерийскэ позициехэмрэ. А операциехэм хэтащ Британскэ, американскэ флотым я соеденениехэр. Ику иту американскэ корабльитIым английскэу щы яхуэзэт.

Иджыри къэскIэ зауэм хэта авиациям нэхърэ бжыгъэ куэдкIэ щегъур. Хьэуэм зэпымууэ самолет мин бжыгъэм я Iэуэлъауэ макъыр зэхэпхырт бомбэ хьэлъэхэр зэрылъу, десантыдзэ зэрысхэу псыIуфэ направлениемкIэ лъэтахэр. Английскэ летчикхэр очередной рейсым къикIыжхэрэ пэт гигантскэ хьэуэм щызауэ американскэ флотым и „летающэ крепостхэр", французскэ псыIуфэм кIуэхэу къаIушIащ. Самолетхэу, авиадесантнэ частхэр зыщэхэмбуксиркIэ планерэхэм дзэхэр ярысу къащащ.

# АСТЕЖЕВА И ЗВЕНОР

**Икои-Хьэлъкъ район.** КомсомолкIэ зэджэ колхозым и щIалэгъуалэ звено Зейнап Астежева нартыху пщIэныр фIыуэ ирегъэкIуэкIыр. Абы и звеном хэт нэрыбги 10 ри пщэдджыжькIэ лэжьапIэм жьыуэ докIхэр я участкэм деж икIи пщыхьэщхьэ кIыфI нэгъунэ лажьэхэкIэрэ, я нормэхэр проценти 150—180-кIэ ягъэзащIэр, фIыуэ пщIэрэкIэ.

Псом хуэмыду, щапхъэфIхэр къаъэлъагъуу икIи фIыуэ мапщIэхэр Ф. Астежева, Ф. Эшерова, Кишокова сымэ я звенохэм хэт колхоз бзылъхугъэхэр.

## Икон-Хьэлъкъ районым газет къыщыдокI

Крайкомымрэ Обком ВКП(б)-м и бюромрэ я решениекIэ областной газет нэгъуейбзэмкIэ къыщыдэкIыу щыта „Кызыл Черкесыр" районнэ газет „Ленин йолы" („Ленинский Путь") ящIыжыр. Ар къыздыдэкIынур Икон-Хьэлъкъ районым и центр—Адыгэ-Хьэблэщ. Газетыр июным и 1-м 1944 гъэм къыщыщIэдзауэ къыдокIыр.

Район газетыщIэр бзитIымкIэ къыдэкIынущ—нэгъуеимрэ урысымкIэрэ.

**Ответ. редактор М. САКИЕВ.**

ВУ № 00214

Черкесская областная государственная типография